Recueilli par : Ndoye Mamadou Lamine

Dit par : Ndèye Marème DIOP

# TEENU RABI ÀLL YI

Rabi àll yi dañoo dajewoon ngir seen dëkk dafa amul ndox. Amuñu lu ñu naan ak lu ñu togge. Ñu ni ñoom ñépp dañuy daje gas ab teen ndax ñu am ndox, ngir dëkk bu amul ndox baaxul. Ñépp dem nañu ci àll bi. Bu ñu gasee ab teen ñi demoon dellusi.

Kéwël daldi ni moom du gas ndax yaramam dafa rafet, jomb na di gas, di taq suuf. Ñu ni ko soo gasul su ndox mi génnée doo ci naan. Mu ni su ndox mi génnée dinaa ci naan, sangu ci, sama waa kër dinañu ci naan, sangu ci, mu neex leen, mu naqari leen.

Ñu ni ko baax na. Ñu jàpp bés bu ñu gasi teen. Ba bés ba jotee ñu yéené, ñépp ñów. Kéwël ni du ñów. Ñu yónni ndaw woo ko, mu ni leen : la ma leen waxoon laa leen di waxaat ; maa leen dàq yaram yéen ñépp, man sama yaram dafa rafet, dooleen ma ko yàqal, duma gas dara.

Ñu wax wax mu bañ. Ñu ni ko ndoon doo ci naan. Mu ni leen dinaa ci naan, sama njambeet dinañu naan, dinañu sangu. Ñu ni ko ndoon loo gis ñoo la ko def.

Mu ni leen duma gis dara ! dara lac dul gis !

Ñu tàmbali di gas, di gas, di gas ba teen ba bënn. Bi ñu tàmbalee di duy kéwël ñów ni day duy, ñu ni ko doo duy. Mu ni leen dinaa duy, waxoon naa leen ko te noonu laa koy defe. Ñu ni ko baax na.

Ba ñu xëyée di dem ca àll ba di rëbbi, ñu ni Bukki yow mi ñàkk fayda yaay yendu fii ci teen bi di ko wàttu ndax Kéwël bañ ci duy. Mu ni (ak bàkkan bu nos bi) : Sàllcaw man maay wàttu te du laal ci ndox mi ; keneen du ko lal.

Mu daldi dem tëdd ci wetu teen bi. Tëdd,tëdd ba ci yàgg ni : "Du ñów waay ! waxoon naa leen ni du ñów.

Bukki daldi dem. Naka la génn rekk, Kéwël daldi ñow dugg ci teen bi, duy, sangu. Mu ngay ñibbi nag te naan :

- "Kéwël Kéwël liitee
Gasuma teen liitee
Te ku gas ma naan liitee
Pal pal ndigal ndey ak baay !"

Bi ñu rëbbée ba ñow rekk xam ni am na ku fi ñowóon. Ñu ni Bukki kaay : tànk a ngi nii, tànk a ngi nii, waaw ku ñowóon ci teen bi ?

Mu ni leen kenn ñówu fi ; Yàlla xam na ni kenn ñówu fi. Man kenn rekk maa fi nekkoon.

Ñu ni ko : kii du say tànk. Dëggal ! Mu dëgg. Ñu ni ko, xam nga ni kii du say tànk. Bés boo xamee ni Kéwël la, bu ñu ko jàppee, dinañu la rey.

Mu ni leen : sàllaaw du moom.

Kéwël di ko def, di ko def, të koo bàyyi.

Salliir ni nañu ko bàyyi mu wàttu teen bi, ndaxte Bukki dafa ñàkk fayda. Mu daldi gas, dugg ci biir suuf si. Kéwël ñów ànd ak doom yaak jabar yaak seeni paan. Ñu sangu, naan, duy, génn naan :

-"Kéwël Kéwël liitee
Gasuma teen liitee
Te ku gas ma naan liitee
Pal, pal ndigal ndey ak baay !"

Ba ñu defaroo bay dem, Salliir ba sëllax ko suuf. Mu ni : -"Waay ! taqaat naa te ndox maa ngi nii du jeex, damay sanguwaat." Mu daldi duggaat ci biir teen bi ni day sanguwaat. Bi mu duggée ci teen bi nag Salliir dem wooteji. Ñu ñow ñoom ñépp ak seeni buum ak seeni yàt. Ñu jàpp saa waay Kéwël ni ko : - "Li nga waxoon nga def wante nun it li nu waxoon lanuy def".

Kéwël ni leen : -"Li ma waxoon laa def, bu yeboo ngeen xam ni maa ngi ci seen loxo".

Ñu jàpp ko yeew koo yeew ; yeew tànk yi, yeew ginnaaw gi, yeew loxo yi ba mu né nodd-noddaaral.

Ñu woo Bukki ni ko : -"Yow nag ba kéwël amee ay tànkam di dem mënaloo ko woon dara, leegi nag yeew nañu ko, toogal fii nga xoolal ñu ko, ñu ngay dem àll ba te ñów."

Bukki ni Kéwël danga ma doon nax wante tey jii jàpp nañu la.

Kéwël tooga-toog ba ci yàgg ni ko : - Bukki maa ngi dee, maa ngi dee, Bukki maa ngi dee !

- Deewal foofu ! Bu yebboo nga dee.

Mu ni ko : - Kaay rekk, maa ngi dee ; kaay tekkil ma sama loxo bi ; fii mu ngi metti.

Bukki ni ko danga may woyal woy woowa nga woyoon, ma door la tekkil benn loxo bi.

Mu ni ko : - Su ma la ko woyalee daa ma tekkil benn loxo bi ?

Bukki ni ko : - Waaw-waaw, benn loxo boobu rekk bu ma la ko tekkilée du tax nga dem.

Mu ni ko ayca !

-" Kéwël, kéwël liitée
Gasuma teen liitée
Té ku gas ma naan liitee
Pal, pal ndigal ndey ak baay."

Bukki ni ko : -"Daggit ! boobu dé neex na. Dollil !"

Mu dolli ñu tekkil ko benn tànk.

Kéwël tooga-toog ba yàgg ni : "-Wëy ! suma mbagg a ngi damm, dafa banku fii."

Bukki ni ko : -" Xam nga lu mu doon, yaa ngi may bëgg indil istuwar nag. Soo woyaatul ñaari woy duma la tekkil."

Mu woy : "Kéwël, Kéwël, liitée
Gasuma teen liitée
Te ku gas ma naan liitée
pal, pal ndigal ndey ak baay."

Bukki tekki beneen loxo bi, mu des ñaari tànk yi, te naan ko :
- "fii kat laay yem, ndax yow say mbir a ngiy bëgg ëpp.

Ñu toog ba mu yàgg, mu dem di séénu, kenn ñòwul. Kéwël ni ko :
- "Bu ma fi dee, bu ñu ñòwée yow mii lañuy rey. Soo ma tekkilul sama tànk ndax bu ñu ñòwée mën maa rendi, te su ma méddée duñu ma mën lekk te kon yow lañuy rey."

Bukki ni : - Aa ! kon dé ma tekki la. Woyal jurðomi woy ma tekkil la."

Kéwël daldi woy woy wa, mu daldi ko tekki, ni ko : "tàllalal tuuti ma yeewaat nag."

Fa Bukki yolomalee tuuti buum gi rekk, Kéwël ni : "firipp !" sampu xél daldi dow. Ba mu tolloo ci ginnaaw kër ga, ni ko : - Bukki tàggu naa la.

"Kéwël, Kéwël liitée
Gasuma teen liitée
Te ku gas ma naan liitée
Pal pal ndigal ndey ak baay."

Bukki daldi ni : -"Wòoy fu ma jëm ! Wòoy du ma jëm !" .Mu daldi dow ni mu ngi koy dàqi. Muy dow, di dow, di dow ba mu yàgg gisul dara, mu sonn. Mu gestu rekk gis menn mbott muy def ndottii, ndotti, mu jàpp ci nopp bi ndi, daldi yeew ba mu dëggër, ni ko : - "yow a Kéwël danga soppaliku, yow a Kéwël danga soppaliku, waaye négal rekk, bu ñu ñòwée dinga soppalikuwaat ci seen kanam.

Gaa ñi dikk nag. Ñu ngi naan Kéwël tey lañu koy def nii, tey lañu koy def naa. Nak lañu agse rekk gisuñu Kéwël.

Gaynde ni : -"Bukki ana Kéwël ?"

- "Billaahi bi ngeen fi jògée ba tey mu ngi soppaliku ; soppaliku na gunðor, soppaliku jinax, soppaliku wundu ba ci mbott la teere, ngeen ñòw.

Ñu ni ko Mbott woyal !

Mu ni :"- Mbott, Mbott déy Gay
Sindax Ndurée këer Madam Turé."

Ñu ni ko : Kii du Kéwël. Nu daldi jàpp Bukki dóora dóor ba ba muy bëgg dee, ñu daldi ni ko :"- Waxoon nañu la ni Kéwël bu rëccée yow lañuy rey."

Nu daldi ko rendi.

Foofu la léeb doxe tàbbi Ajjana.